

## Avi Divilgasyon Kont Faktirasyon Sipriz

### Dwa ak Pwoteksyon Ou Genyen Kont Fakti Medikal Sipriz yo

Lè w resevwa swen dijans oswa tretman nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo asirans la men ki nan yon lopital oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, ou pwoteje pou pa resevwa okenn fakti pou balans la. Nan ka sa yo, yo pa sipoze chaje w plis pase kopeman, ko-asirans ak/oswa dediktib plan w lan fikse.

#### **Kisa ki se "faktirasyon pou balans" (pafwa yo konn rele I fakti sipriz)"?**

Lè w konsilte yon doktè oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante, sa ka rive ke w dwe sèten depans ki soti nan pòch ou tankou kopeman, ko-asirans oswa dediktib. Ou ka gen depans anplis oswa w ka gen pou peye tout bil la si w konsilte yon pwofesyonèl swen sante oswa si w ale nan yon etablisman ki bay swen sante ki andeyò rezo plan sante w.

"Andeyò rezo" vle di pwofesyonèl swen sante ak etablisman ki pa siyen okenn kontra ak plan asirans sante w pou yo bay sèvis. Pwofesyonèl swen sante ki andeyò rezo a gen dwa voye fakti pou mande w peye diferans ki genyen ant montan plan asirans ou an peye a ak montan total yo chaje w pou yon sèvis. Yo rele sa "**faktirasyon balans**." Li posib ke montan sa a plis pase depans yo chaje nan rezo a pou menm sèvis la, e depans sa yo pap konte nan dediktib plan w lan oswa nan limit lajan ki pou soti nan pòch ou chak ane.

"Faktirasyon sipriz" se yon bil pou peye yon balans sanzatann. Sa ka rive lè w pa ka kontwole ki moun ki enplike nan swen w resevwa — tankou lè w gen yon ijans oswa lè w pran yon randevou nan yon etablisman ki nan rezo a epi sanzatann, se yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a ki ba w tretman. Fakti medikal sipriz ka koute plizyè milye dola toudepanne w posedi oswa sèvis la.

#### **Ou gen pwoteksyon kont faktirasyon balans pou:**

##### **Sèvis dijans**

Si w gen yon pwoblèm medikal dijans epi w resevwa sèvis dijans nan men yon pwofesyonèl swen sante oswa yon etablisman ki pa nan rezo a, pi gwo lajan yo ka faktire w se pou montan pataj depans nan rezo ke plan w lan konn chaje w (tankou kopeman, ko-asirans ak dediktib). Yo **pa ka** faktire w balans la pou pou sèvis dijans sa yo. Pami sèvis yo pa ka faktire w pou yo yo se sèvis ou ka resevwa apre pwoblèm medikal ou a fin stabilize, amwenske ou bay otorizasyon ekri ki di ke w dakò pou yo faktire w e ke w renonse ak pwoteksyon w genyen pou yo pa faktire w pou sèvis sa yo apre w fin stabilize.

##### **Sèten sèvis nan yon lopital oswa nan yon sant chirijikal anbilitwa ki nan rezo.**

Lè w resevwa sèvis nan yon lopital oswa yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, gen sèten pwofesyonèl swen sante ladan yo ki ka andeyò rezo a. Nan ka sa a, pi gwo lajan pwofesyonèl swen sante sa yo ka faktire w se montan pataj depans nan rezo ke plan w lan fikse. Prensip sa a aplikab pou medsin dijans, anestesi, patoloji, radyoloji, laboratwa, neyonatoloji, asistan chirijyen, sèvis ospitalist oswa sèvis entansivist. Pwofesyonèl swen sante sa yo **pa ka** faktire w pou balans la epi yo **pa gen dwa** mande w pou renonse ak pwoteksyon w genyen pou yo pa faktire w balans la.

Si w resevwa lòt tip sèvis nan etablisman ki nan rezo sa yo, pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a **pa ka** faktire w pou balans la, amwenske w ba yo otorizasyon ekri epi w renonse ak pwoteksyon w yo.

**Ou pa janm oblige renonse ak pwoteksyon w pou yo pa faktire balans la. Epitou ou pa oblige resevwa swen andeyò rezo a. Ou ka chwazi yon pwofesyonèl swen sante oswa yon etablisman ki nan plan rezo w la.**

## **Lè yo pa otorize faktirasyon balans, ou gen pwotection sa yo tou:**

- Sèl responsabilite w genyen se pou peye kòtpa pa w la (tankou kopeman, ko-asirans ak dediktib ke w ta peye si pwofesyonèl swen sante a oswa etablisman te nan rezo a). Plan sante w la pral peye kèk depans anplis dirèkteman bay pwofesyonèl swen sante oswa etablisman ki andevyò rezo.
- An jeneral, plan sante w la gen obligasyon pou li:
  - Kouvri sèvis yo san li pa egzije w pou gen otorizasyon davans pou sèvis yo (yo konn rele "otorizasyon davans" tou).
  - Kouvri sèvis dijans ke pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a bay.
  - Baze sa w dwe pwofesyonèl swen sante a oswa etablisman an (pataj depans) sou sa li ta peye yon pwofesyonèl swen sante oswa yon etablisman ki nan rezo a, epi montre w montan sa a nan esplikasyon benefis ou yo.
  - Konte kèlkeswa montan w peye pou sèvis dijans oswa pou sèvis andeyò rezo a sou dediktib ou peye nan rezo w la ak limit lajan kap soti nan pòch ou.

**Si w panse yo faktire w pa erè,**

*Nimewo telefòn federal pou enfòmasyon ak pote plent se: 1-800-985-3059*

Ale nan [www.cms.gov/nosurprises/consumers](http://www.cms.gov/nosurprises/consumers) pou ka jwenn plis enfòmasyon sou dwa w selon lalwa federal.

*The GHA (Georgia Hospital Association) pou enfòmasyon ak pote plent: 1-800-985-3059*

Alle nan <https://www.gha.org/Advocacy/Health-Care-Finance> pou ka gen plis enfòmasyon sou dwa w selon Georgia House Bill 888.